

# Kisa Ospis ye?

**Kisa ospis ye?** Ospis se yon pwogram swen sante espesyal ke gouvènman an sipòte ke yo te kreye depi plis ke 30 lane pou bay swen ak sèvis ekspè bay moun ki gen maladi grav, ke pifò ladan yo abite lakay yo oswa nan yon fwaye swen enfimye.

**Pou pasyan ki gen asirans Medicaid oswa Medicare, li konsidere tankou yon avantaj gratis ke pasyan ki elijib yo ka jwenn.** Yon doktè ka detèmine si yon pasyan elijib pou swen ospis, epi si pasyan an elijib e ke yo ka okipe l'atravè swen ospis, pasyan an (oswa fanmi an si pasyan an pa kapab) dwe enskri pou avantaj la.

## Kisa Sèvis Swen Ospis Yo Ye?

Avantaj ospis la gen ladan l' sipò ak sèvis nan men yon ekip pwofesyonèl ak volontè ki se ekspè nan bay swen pou pasyan ki gen maladi nan faz avanse. Yo bay swen an kèlkeswa kote pasyan an ye. Menm si pifò pasyan yo rete lakay yo oswa nan fwaye swen enfimye a, ospis bay aksè pou swen pou pasyan ospitalize nan yon lopital oswa nan yon rezidans swen ospis lè gen bezwen pou plis èd pou kontwole sentòm yo.

Pasyan yo ap resevwa vizit nan men yon enfimye, yon travayè sosyal ak yon omye, ak lòt manm ekip swen ospis yo tou. Doktè ospis la ka fè vizit epi lap travay ak pwòp doktè pasyan an tou.

Ekip ospis la ka gen ladan l':

- Doktè Ospis
- Enfimye
- Travayè Sosyal
- Omye
- Sèvis Oksilyè Adomisil
- Volontè
- Terapet La Kreyatif
- Fizyoterapet oswa Ègoterapet
- Konseye pou Moun ki Andèy
- Òtofonis
- Nitrisyonis

Anplis medikaman pou ede pasyan an ak sentòm tankou doulè, plizyè lòt tretman ak sèvis disponib atravè ospis. Yo gen ladan yo sèvis konsèy, ak terapi fizik ak terapi pou langaj. Sèvis oksilyè adomisil ka disponib pou ede avèk aktivite lavi nòminal, tankou benyen, abiye epi fè manje. Volontè swen ospis ki fòme pou sa ka bay plis asistans.

Bezwen moun ki maladi grav yo ka chanje de jou an jou oswa menm de lè an lè. Manm pèsònèl pwofesyonèl swen ospis yo disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7, pou sipèvize tout swen ki nesèsè.

Avantaj ospis la peye pou tout medikaman, founiti ak ekipman ki gen rapò ak maladi mòtèl pasyan an tou. Si pasyan an bezwen tès sangen oswa radyografi, yo kouvri tou.

Pa janm gen frè, ni dediktib oswa kopeman pou yon sèvis ospis bay.

## Kiyès Ki Elijib pou Ospis?

Plizyè moun pè lè yo tandè mo ospis la paske yo panse ke ospis vle di ke yon moun ap mouri. Ak bon enfòmasyon, pasyan ak fanmi pata dwe gen laperèz sa a.

Yo ka ofri avantaj ospis la bay pasyan ak fanmi si yon medsen detèmine ke pasyan an medikalman elijib e ke pèsònèl swen ospis la detèmine ke ospis ka reponn a bezwen pasyan an. Pou l ka medikalman elijib, fòk yon doktè jwenn ke pasyan an gen yon maladi mòtèl nan yon estad avanse. Byenke plizyè moun panse ke ospis ka bay swen pou jiska sis mwa sèlman, se pa vre. Si doktè a evalye pasyan an epi pasyan an elijib pou sèvis ospis, swen yo ka kontinye pou pi lontan.

## **Kijan Pou M Fè Pou M Konnen Si M Ka Jwenn Sèvis Ospis Pou Mwen oswa pou yon Manm Fanmi m?**

Si w enterese jwenn swen ospis pou tèt ou, yon manm fanmi w, oswa yon zanmi w, mande doktè w oswa doktè manm fanmi w oswa zanmi w lan enfòmasyon sou elijibilite pou ospis ak opsyon swen.

### **Enfòmasyon Pou Kontakte Ospis:**

Enfòmasyon kontak sa a se pou swen ospis nan zòn Brooklyn.

MJHS Hospice and Palliative Care	212-420-3370
VNSNY Hospice and Palliative Care	212-609-1920
Calvary Hospital Hospice	718-518-2465
Hospice of New York	718-472-1999
Compassionate Care Hospice	718-601-6694

## **Seri Edikasyon Pasyan an**

# Kisa Ospis ye?

***Si ou ta renmen yo ede w jwenn resous, pale avèk doktè a, enfimyè a oswa travayè sosyal la ki nan sant sante w la.***